# Arnawlı kórgizbeli seminar ótkerildi

Elimizde kúnler suwıp baslawı menen turaq-jaylardı jılıtıwǵa bolǵan talap artıp ketedi. Bunda puqaralar tárepinen jasalma ısıtıw peshlerinen, jaramsız úskenelerden paydalanıw jaǵdayları ushırasıp turadı hám bul óz gezeginde qáwipsizlik qaǵıydalarınıń buzılıwına, sonıń menen birge unamsız jaǵdaylardıń júz beriwine alıp keliwi múmkin.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Búgin, puqaralar jasaw orınlarınıń hár birin kórikten ótkerip, gaz hám elektr úskeneleriniń qáwipsizlik qaǵıydalarına juwap beretuǵınlıǵın, jasalma hám jaramsız ısıtıw pesh hám ısıtıw úskenelerinen paydalanıwǵa shek qoyıw hám qáwipsizlik ilajların kóriw, iyis gazi menen hawa gaz aralaspasınan kelip shıǵatuǵın janıw menen baylanıslı jaǵdaylardıń aldın alıw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar basqarması, Úy-jay kommunal xızmet kórsetiw ministrligi, Qaraqalpaq aymaqlıq elektr tarmaqları kárxanası AJ, “Hududgaz” Qaraqalpaqstan filialı hám juwapker shólkemler qatnasıwında kórgizbeli oqıw seminar shólkemlestirildi.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Sonday-aq, puqaralardıń turaq jaylarında hám obektlerde alıp barılǵan úyreniwler

nátiyjesinde anıqlanǵan mashqalalardı ornında saplastırıw boyınsha kórsetpeler berildi.

QR Ministrler Keńesi Málimleme xızmeti